Konnen dwa w

Yon Gid pou Moun Ki Chape Anva Trafik Moun, Moun k ap Mande Azil, Moun ki Antre nan yon Peyi sou Kondisyon, ak Sitwayen ki pa Ameriken Enfòmasyon sa a se pou edike moun e yo pa ta dwe itilize l pou ranplase asistans legal. Si oumenm oswa yon moun ou konnen bezwen asistans legal, tanpri kontakte yon avoka.

Konnen responsablite w

- Memorize nimewo telefòn yon zanmi, yon manm fanmi, oswa yon avoka pou w rele si yo arete w.
- Fè plan pou swen pitit ou oswa lòt moun ou renmen yo pou si yo arete w.
- Prepare moun ki sou kont ou (egzanp timoun ak paran ki pi gran) sou sa pou yo fè si yo arete w.
- Chwazi yon moun ou fè konfyans pou pran desizyon finansye ak gadri si w pa kapab.
- Kenbe dokiman imigrasyon w yo, dosye kriminèl yo, ak lòt dokiman enpòtan yo yon kote ki an sekirite kote yon moun ou fè konfyans kapab jwenn yo.
- Asire w moun ou renmen yo konnen nimewo imigrasyon w (A number) ak fason pou yo jwenn ou si ICE arete w.
- Sonje detay sou sa k pase nan yon rankont ak lapolis, epi filme l si w kapab.

Konnen dwa w

Si yo arete w oswa kenbe w

- Ou gen dwa pou w rete an silans lè lapolis poze kesyon. Ou ka di, **"Mwen pa vle reponn kesyon w yo."**
- Si w p ap arete w, mande si y ap arete w. Si repons lan se non, mande, **"Èske mwen lib pou m ale?"** Si repons lan se wi, ale byen poze.
- Mande yon entèprèt si Anglè pa lang ou pi alèz.
- Ou pa oblije siyen anyen ou pa konprann.
- Ou gen dwa rele konsila peyi w, epi konsila w dwe gen dwa vizite w oswa pale avè w
- Si ofisye imigrasyon yo kenbe w, ou gen dwa chèche yon avoka, men gouvènman an pa bezwen bay youn—mande youn imedyatman.
- Si lapolis kenbe w pou yon krim, ou gen dwa pou w jwenn yon avoka gratis (defansè piblik) pandan w ap poze w kesyon.
- Ou gen dwa konteste yon lòd depòtasyon oswa yon kondanasyon kriminèl.
- Lapolis ak ofisye imigrasyon pa ta dwe janm mande w lajan.

Konnen eesponsablite w

Si yo arete w oswa kenbe w

- Rete kalm.
- Pa kouri, fè diskisyon, reziste, oswa anpeche yon polis oswa yon ofisye imigrasyon, menm si w kwè y ap vyole dwa w.
- Pa di lapolis oswa ofisye imigrasyon yo anyen.
- Kenbe men w kote lapolis oswa ofisye imigrasyon kapab wè yo.
- Pa bay manti sou sitiyasyon imigrasyon w oswa bay fo dokiman.
- Si w gen plis pase 18 an, panse ak opsyon pou w pote yon kopi dokiman sou sitiyasyon imigrasyon w avèk ou.
  - o Toujou kenbe yon kopi sou telefòn ou.
  - o Si ofisye a poze w kesyon sou sitiyasyon imigrasyon w, ou gen dwa pou w rete an silans lè w di, **"Mwen pa vle reponn kesyon w yo. Mwen vle pale ak yon avoka."**

Refugees.org

Konnen dwa w

Yon Gid pou Moun Ki Chape Anva Trafik Moun, Moun k ap Mande Azil, Moun ki Antre nan yon Peyi sou Kondisyon, ak Sitwayen ki pa Ameriken Enfòmasyon sa a se pou edike moun e yo pa ta dwe itilize l pou ranplase asistans legal. Si oumenm oswa yon moun ou konnen bezwen asistans legal, tanpri kontakte yon avoka.

Konnen responsablite w

- Memorize nimewo telefòn yon zanmi, yon manm fanmi, oswa yon avoka pou w rele si yo arete w.
- Fè plan pou swen pitit ou oswa lòt moun ou renmen yo pou si yo arete w.
- Prepare moun ki sou kont ou (egzanp timoun ak paran ki pi gran) sou sa pou yo fè si yo arete w.
- Chwazi yon moun ou fè konfyans pou pran desizyon finansye ak gadri si w pa kapab.
- Kenbe dokiman imigrasyon w yo, dosye kriminèl yo, ak lòt dokiman enpòtan yo yon kote ki an sekirite kote yon moun ou fè konfyans kapab jwenn yo.
- Asire w moun ou renmen yo konnen nimewo imigrasyon w (A number) ak fason pou yo jwenn ou si ICE arete w.
- Sonje detay sou sa k pase nan yon rankont ak lapolis, epi filme l si w kapab.

Konnen dwa w

Si yo arete w oswa kenbe w

- Ou gen dwa pou w rete an silans lè lapolis poze kesyon. Ou ka di, **"Mwen pa vle reponn kesyon w yo."**
- Si w p ap arete w, mande si y ap arete w. Si repons lan se non, mande, **"Èske mwen lib pou m ale?"** Si repons lan se wi, ale byen poze.
- Mande yon entèprèt si Anglè pa lang ou pi alèz.
- Ou pa oblije siyen anyen ou pa konprann.
- Ou gen dwa rele konsila peyi w, epi konsila w dwe gen dwa vizite w oswa pale avè w
- Si ofisye imigrasyon yo kenbe w, ou gen dwa chèche yon avoka, men gouvènman an pa bezwen bay youn—mande youn imedyatman.
- Si lapolis kenbe w pou yon krim, ou gen dwa pou w jwenn yon avoka gratis (defansè piblik) pandan w ap poze w kesyon.
- Ou gen dwa konteste yon lòd depòtasyon oswa yon kondanasyon kriminèl.
- Lapolis ak ofisye imigrasyon pa ta dwe janm mande w lajan.

Konnen eesponsablite w

Si yo arete w oswa kenbe w

- Rete kalm.
- Pa kouri, fè diskisyon, reziste, oswa anpeche yon polis oswa yon ofisye imigrasyon, menm si w kwè y ap vyole dwa w.
- Pa di lapolis oswa ofisye imigrasyon yo anyen.
- Kenbe men w kote lapolis oswa ofisye imigrasyon kapab wè yo.
- Pa bay manti sou sitiyasyon imigrasyon w oswa bay fo dokiman.
- Si w gen plis pase 18 an, panse ak opsyon pou w pote yon kopi dokiman sou sitiyasyon imigrasyon w avèk ou.
  - o Toujou kenbe yon kopi sou telefòn ou.
  - o Si ofisye a poze w kesyon sou sitiyasyon imigrasyon w, ou gen dwa pou w rete an silans lè w di, **"Mwen pa vle reponn kesyon w yo. Mwen vle pale ak yon avoka."**

Refugees.org